

Ijans sanitè COVID-19 faz 4

Prevansyon pou travayè nan Chili

Si nou ta sispèk you moun prezante sentom ki asosye ak kowona viris la se mennen li nan sant sante ki pi prè a pou evalyasyon.

Se doktè a ki ap detèmine si pasyan koenside ak kritè yo e ki ap notifiye otorite sanitè y.

Kowonaviris yo (CoV) se yon gro fanmi viris ki koze maladi sòti nan yon senp grip rive nan gro maladi respiratwa.

Fòm li ka transmèt nou konnen jiska prezan se :

- Kontak po ak po (bay lamen, bo).
- Krache ki sot nan bouch moun lè yap pale.
- Kontak avèk objè ki kontamine.

Sentòm

Aprè tout sak sot di la, li trè enpotan pou ou adopte mezi prekosyon sa yo pou ou ka diminye pwobabilite pou ou kontamine.



Fyèb ki cho anpil
(ki plis pase 38°)



Tous avèk difikilte pou respere

1. Prevansyon kontaminasyon

- Kenbe distans minimòm 1 mètrè lè ou nan mitan moun.
- Lave men nou souvan avèk dlo ak savon.
- Nan ka nou pa ta ka jwenn dlo ak savon, itilize alkòl jèl obyèn alkòl likid se yon mezi ki rekòmande, men anyen paka ranplase lave men souvan avèk dlo ak savon.
- Bare bouch ak nen avèk avanbra nou oubyen ak napkin lè nap etènye oubyen touse ; jete napkin nan epi lave men nou imedyatman chak fwa nou fin fè sa.
- Evite rantrè an kontak ak nenpòt moun ki gen fyèv ak tous.
- Pa prete okenn objè ak okenn atik biro ki gen kontak ak men.
- Aplike bonjan pratik pou nou manipile manje yo.



2. Kontak ak moun ki afekte oubyen nou sispèk ki afekte

- Rele doktè ou a pou li detèmine si pou ou al an karantèn.
- Obsève estrikteman tout mezi ki avan yo.
- Evite gen kontak dirèk, bo, manyen, sèvi avèk atik moun ki fè enfeksyon respiratwa.



3. Sa nou dwe fè ak yon moun ki afekte oubyen nou sispèk ki

- Kouri mennen li nan sèvis sante ki pi prè ou a.
- Pandan nap òganize tranpò moun nan, nan sant sante a, nou dwe swiv endikasyon sa yo:
 - Moun ki afekte dwe itilize kachnen (de preferans N95) epi mete li nan chanm pou kont li.
 - Izolman relatif la vle di nou ka rantrè an kontak avèk moun nan sèlman pou nou asiste li lè nesèse, men pa rete anpil nan menm sal ak li.

